



KONNEN DWA OU: KISA POU NOU FÈ SI YO DI YON REZIDAN LI PA KA KITE YON SANT SWEN (NURSING FACILITY) PANDAN LI SOU MEDICAID OWA MEDICARE?



Rezidan ki nan kay retrèt (nursing home) k ap itilize Medicaid oswa Medicare pou peye sejou yo kapab kote sant la tanporèman pou evènman fanmi oswa lòt vwayaj pèsònèl san yo pa pèdi kouvèti asirans yo.

DAPRE LWA MEDICAID NAN FLORID:

- Yon konje terapetik se lè yon moun k ap resevwa swen kite kay retrèt li pou yon nwit pou yon rezon ki pa medikal, pi souvan pou l vizite fanmi oswa zanmi.
- Medicaid ap ranbouse sant la pou jiska 16 jou konje terapetik ant 1ye jiyè ak 30 jen ane k ap vini an, toutotan yo espere rezidan an ap tounen.

DAPRE MANYÈL RÈGLEMAN FEDERAL MEDICARE A:

- Yon kout konje pou ale nan yon sèvis relijye espesyal, yon repa fèt, yon okazyon fanmi, pou fè yon ti pwomnad nan machin, oswa pou vizite kay li pou yon eseye, se pa yon prèv, an Limenm, ki montre rezidan an pa bezwen nan yon sant swen espesyalize (skilled nursing facility) ankò.
- Li pa apwopriye pou yon sant fè rezidan yo konnen si yo ale sa ap lakòz yo refize kouvri depans yo.
- Si yon rezidan pati tanporèman epi li tounen nan sant la anvan minwi, sant la ka voye bòdwo bay Medicare pou sejou jou sa a.
- Si rezidan an pati pou yon nwit apre minwi epi li tounen nan sant la nan denmen, sa konsidere kòm yon konje (leave of absence).
- Sant la ka chaje yon benefisyè frè pou kenbe kabann li (bed-hold fees) pandan yon absans tanporè nan yon sant swen espesyalize (SNF).



**BAY SANT LA YON AVI
DAVANS SI W AP PLANIFYE
POU PRAN YON KONJE
POU ANPECHE DEPANS OU
PA T ATANN OWA
ENTÈRIPSYON NAN SWEN
OU YO.**

Sant la dwe bay moun ki resevwa Medicaid yo ak reprezantan yo yon kopi règleman sou konje a alekri lè yo admèt yo, epi lè yo pati pou entènman nan lopital oswa pou rezon terapetik.

Sant la dwe enfòm moun ki gen Medicare yo tou sou tarif pou kenbe kabann yo davans, epi li ka chaje yo sèlman si rezidan an te dakò pou l peye frè sa yo alavans.e.

TANPRI KONTAKTE PWOGRAM OMBUDSMAN POU SWEN ALONMTEM (LONG-TERM CARE OMBUDSMAN PROGRAM) SI YO DI W OU PA KA KITE SANT OU A SAN W PA PÈDI KOUVÈTI ASIRANS OU.



1-888-831-0404 (gratis)



LTCOPInformer@elderaffairs.org

Depliyen sa a gen ladan enfòmasyon Center for Medicare Advocacy bay. Vizite sit entènèt yo a pou plis enfòmasyon ki gen rapò ak Medicare ak resous pou konsomatè yo: <https://medicareadvocacy.org/>